

Complaint Procedures (French Creole)

Fason pou nou pote plent

Nenpot moun ki santi l te diskrimine akòz ras li, koule l oubyen nasyonalite l bo kote CG Smith Community Mental Health (CMH) ta dwe pote plent sou baz atik VI konpayi a le l konplete epi remet fomile VI la bay konpayi a. Yo ka pote plent tou nan telefon nimewo a se 954-321-2296, ekstansyon 203 oubyen pa mwayen entenet nan cgsmithcmhf.org. Pou CG Smith CMH mennen investigasyon sou yon plent yo te resevwa, li pa dwe depase 180 jou depi ensidan an te pase. Se selman plent konple yo CG Smith CMH pral investigate. Pou plent la ka konple, moun k ap fe l la ta dwe omwens mete non l, telefon li, dat ensidan te pase, epi bay detay sou sa k te pase a.

Yon fwa nou fin resevwa plent la, CG Smith CMH pral revize ka a pou yo konnen si biwo yo a gen jiridiksyon sou li. Moun ki te depoze plent la pral resevwa yon let pou fe l konnen si biwo nou an pral investigate ka a.

CG Smith CMH gen katrevendis {90} jou pou yo investigate plent la. Si yo bezwen plis enfomasyon pou yo rezoud ka a, CG Smith CMH ka kontakte moun ki te depoze plent la. Moun ki depoze plent la gen dis jou {10} travay pou l voye enfomasyon yo mande l la bay moun k ap investigate ka a. Si moun ki depoze plent la pa kontakte investigate a oubyen l pa resevwa enfomasyon l bezwen an nan dis jou {10} travay, CG Smith CMH ka femen ka a administrativman. Yo ka femen ka a administrativman tou simoun ki depoze plent la pa deside pouswiv ka a.

Aprè investigate a fin revize plent la, l ap voye youn nan de let sa yo bay moun ki te depoze plent la: yon let pou femen ka a oubyen yon let ki gen rezilta ka a ladan l {LOF}. Let femti a gen ladan l rezime tout akizasyon yo epi l fe konnen pa gen vyolasyon atik VI la donk ka a femen. Let {rezilta a} LOF la fe yon rezime tout akizasyon ak entevyou yo te fe sou ensidan ki te pase a, epi l eksplike kelkeswa aksyon disipline, fomasyon sipleman manm pesonel la oubyen nenpot lot aksyon yo ta deside fe. si moun ki te pote plent la vle fe yon apel kont desizyon sa ,li gen set {7}jou pou l fe sa depi le l te resevwa let LOF la.

Fason pou yo fe l ak fomile pou yo pote plent yo pral disponib pou piblik la sou sit entenet CG Smith CMH la nan cgsmithcmhf.org. Si yo bezwen enfomasyon nan yon lot lang, kontakte Donna Lavalley, Direktris operasyon yo nan 954-321-2296, ext. 203.